

**ТИКИС ЦИЙФÆНДИ ТАРФУНÆЙ КУ УА, УÆДДÆР МИСТИТÆБÆЛ ГЪУДИ КÆНУЙ!..**

***Александр ПОТЕБНЯ (1835-1891), уæрæсейаг номдзуд æвзагæртасæг: «Еугур адæмтæй еу адæм исаразæн ку уайдæ, уæд исæфт æрцæуидæ еугурадæмон гъуди. Берæ еуæй байеввæн куд ес? Зæгъæн, адæймагæн ниууадзæ айдагъдæр цæстæй уинуни кенæ урзæй æсгаруни фадуат. Уæд е бæлах нæ уидæ? Адæймаг цæмæй цæра, уой туххæй æй гъæуй æндæр адæймæгутæ, адæм цæмæй цæронцæ, уомæй ба сæ гъæуй æндæр адæмтæ...»***




Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№32 (1001) 2025 анзи 23 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман


**НÆ БÆРÆГБÆНТТÆ – НÆ РАЗÆНГАРДГÆНÆГ ÆМА НИФСДÆТТÆГ ЦИЙНÆДЗИЙНАДÆ!..**

# АДÆМИ АМОНД - ФИДИБÆСТИ КАДÆ!..



Къарæ ист æй социалон хизæнтæй

Æзинæ, 22 августи бæрæггонд æрцудæй нæ Фидибæсти кадгиндæр бæрæгбæнттæй еу – Уæрæсей Федераций Паддзахадон турусай Бон. Уой фæдбæл нæ республики цæрæг еугур адæмихæттити минæвæрттæн дæр зæрдиагæй райарфæ кодта Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Нæкæси, æхецæн дæр аци бæрæгбон уæлдай æхцæуæн æй – 22 августи æй æ райгурæн бон. Никки цийнаг ба ин аци анз æй – исæнхæст ибæл æй фондз æма æртинсæй анзи. Зæрдиагæй ин арфæ кæнæн, æнæнез, царди еугур хуарздзийнæдтæй дæр хайгин куд уа.

Уæрæсей паддзахадон турусай Бони фæдбæл æ арфи нистауæни Сергей Меняйло уотæ бахахæ кодта:

– Нæ бæсти аци ахсгиаг символæн ес агъазиау ахедундзийнадæ, е æвдесæн æй нæ намусгин историй æнæферонхгæнгæ цаутæн, нæ берæ национ паддзахади удварни сæйрагдæр хæзнатæн, туруса устур кадæ кæнуй нæ евгъудæн æма нæ нифсгунæй кæсун кæнуй нæ рохс исонибонмæ.

Уорс-цъæх-сурх туруса Уæрæсей герб æма гимни хæццæ ирд æвдесæн æй нæ федар еудзийнадæн, игурун нæмæ кæнуй дуйней устурдæр æма тухгиндæр паддзахæдтæй сæ еуей цæргутæ ке ан, уой фæдбæл сæрустурдзийнади æнкъарæнтæ. Мах, уæрæсейæгти, æнгом бæттуй еу историон хъисмæт, еудадзуг турнундзийнадæ нæ еумæйаг хæдзарæ рæсугъддæр, федардæр, гъæздугдæр æма æдасдæр кæнунмæ. Уомæн æвдесæн ба æнцæ нæ бæгъатæр æфсæддонтæ, етæ нæ паддзахадон турусай бунмæ усхъæй-усхъæмæ федар лæуунцæ цифуддæр знаги нихмæ тохи.

Хъазар æмбæлттæ! Федарæй ми æруагæс кæнуй, идарддæр дæр зæрдиагæй ке архайдзинан, цæмæй нæ Фидибæсти гъуддæгутæ цæуонцæ бонæй-бонмæ, анзæй-анзмæ хуæздæрæй-хуæздæргæнгæ, хъазауатон куст кæндзинан нæ Фидибæсти кади æма нæ адæми амонди сæрбæлтау, кæрæдзей хуарздзийнадæмæ цæстуарзонæй бæлдзинан.

***

Уæрæсей Паддзахадон турусай Бони фæдбæл Цæгат Иристони дзиллæн зæрдиагæй райарфæ кодта нæ республики Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз** дæр:

– Аци бæрæгбон æй нæ берæнацион адæми федар бастдзийнади, нæ бæсти хуæдбарæдзийнадæ, сæребарæдзийнадæ æма бæрзонд кади æвдесæн.

Уæрæсейаг æртæхузон туруса фæууингæй, адæймаги зæрди райгурунцæ рæсугъд æнкъарæнтæ, сæрустурдзийнадæ, фæззиннуй имæ нæуæг хъæуритæ. Нæ паддзахадон туруса æй нæ цæргути патриотизми, удварни, берæвæрсуг искурдиæдти, профессион дæснидзийнади сæйраг нисанеуæг. Турусайæн кадæ кæнгæй, куд гъæуама не 'римæсæн нæ раздæри фæлтæрти таурæхъти дзоруйнаг тугъдон æма фæллойнадон æскъуæлхтдзийнæдтæ... Куд раздæр, уотæ нур дæр уæрæсейæгтæ кæнунцæ хъазауатон фæллойнæ, архайунцæ Райгурæн бæсти технологон æма хуæлци æдасдзийнадæ бæрзонддæр къæпхæнмæ исесунбæл. Еци-еу рæстæг нæ бæгъатæр æфсæддонтæ айнæг къæдзæхи хузæн æнæфæккеугæй лæуунцæ, мах басæттунмæ сæ бицъинæг ка 'скъунуй, еци лæборгути нихмæ. Не 'фсæддонти æхсарæ, уоди гъомус æма лæгдзийнадæн нæййес æмбал! Махæй алкæмæн дæр æ ихæс æй Райгурæн бæсти хуарздзийнадæбæл архайун, фулдæр кæнун æ културон æма историон бунтæ, уарзун æй зæрдæй, патриотизм æма бийнонти удварни традицион хæзнатæбæл гъомбæл кæнун нæ фæсевæди.

**ÆХЦÆУÆН ХАБÆРТТÆ**



## ИРÆЗТИ НАДБÆЛ ЦÆУН ÆНЦОН НÆЙ

Евгъуд анзи бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, нæ республики рæуæг промышленности кустуæттæ æфтуйæгтæ райстонцæ еу миллиард сомемæй фулдæр.

Регионалон экономики аци къабазæ цæуй ирæзти надбæл. Зæгъæн, анзи райдайæнæй косун райдæдтонцæ, сæ фæрæзнитæ, сæ гæнæнтæ аллихузи кæмæн æнцæ, уæхæн дæс минкъий æма рæстæмбес кустуати.

Фæсарæйнаг компанитæ – нæ бæсти экономики ци бунæттæ ахæстонцæ, уордигæй ку рацудæнцæ, уæд сæ нæхе амалгъонтæ раугон-циуонæй байахæстонцæ.

Экономикон къабази ирæзти надбæл цæун æнцон нæй, берæ аллихузон ацъагъуитæ си гъæуй. Уомæ гæсгæ ба берæвæрсуг паддзахадон агъаз лæвæрд цæудзæнæй, косун ке фæндуй, уонæн, зæгъæн, амалгъонтæн пайда удзæнæй национ проект «Ерисгъон æма пайдайаг экономикæ»-йи архайун.



## СУБСИДИТÆ – ГЪÆУУОН ХÆДЗАРАДИ КУСТУÆТТÆН

Гъæууон хæдзаради къабази ка косуй, еци республикон компанитæй цалдæремæн фæстаг рæстæги субсидити хузи лæвæрд æрцудæй 124 миллион сомемæй фулдæр. Еци фæрæзнитæй кустуæттæ аразунцæ донхуарæги системитæ.

Уой туххæй фегъосун кодта Цæгат Иристони Сæргълæууæг æма Хецауади пресс-службæ.

Уой минæвари дзубандимæ гæсгæ, еци фæрæзнитæ хуæрзæрдæмæ ахедунцæ гъæуунхæдзарадон товаруадзгути архайдбæл.

Зæгъæн, компани «Виноградарь Кавказа» еци паддзахадон агъази фæрци донхуарæги системæ аразуй сæнæфсерæдæнтти 260 гектаребæл. Кустуат «Де Густо»-йи ба субсидий фæрæзнитæ нисангонд адтæнцæ 154 гектаребæл донхуарæги системæ исаразун æма 628 гектаребæл донпурхгæнæн машинтæ æрæвæрун.

Ке зæгъун æй гъæуй, нуртæккæ æнхъуæт бæнттæ æма уарунти кадавар рæстæги мелиораций ефтонгæрзтæ уæлдай ахсгиаг æнцæ.

Амунд субсидитæ регионни агропромышленнон комплексæн дехгонд цæунцæ национ проект «Хуайраги æдасдзийнадæн – технологон бундор»-и уагæвæрдмæ гæсгæ.

*КАТОН Хестæр, номдзуд рагонромаг политик æма финсæг: «Адæймаги цард æфсæйнаги хузæн æй: гъуддаги си ку пайда кæнай, уæд фехсуйун райдайуй, ку нæ си пайда кæнай, уæдта ‘й изгæ бахуæруй...» Аци курухон фæдзæхст ни алкедæр æ зæрдæбæл ку даридæ, уæд цард дæр цæйбæрцæбæл цæмæдессагдæр уидæ...*

**ЛÆГАУ ЛÆГ Æ АДÆМИ РАЗИ ÆХЕ ИХÆСГИНБÆЛ НИМАЙУЙ ÆМА УОТЕМÆЙ АРХАЙУЙ!..**



# ÆХСАРГИН КА УА, РАЗДЗÆУÆГÆН ДÆР Е БÆЗЗУЙ!..

***Зундгонд куд æй, уотемæй Уæрæсей Президент Владимир Путини унаффæй федаргонд федералон проект «Бæгъатæрти рæстæг»-и фæлгæти нæ республики æнхæстгонд цæуй ахурадон программæ «Æхсаргин Иристон».***

Уоми архайгутæн æрæги арæзт æрцудæй сæрмагонд фембæлд. Дзубанди си цудæй сæ идарддæри ахурти æма архайди фæдбæл фарстатæбæл. Зæрдиаг арфитæ син ракодтонцæ (видеобастдзийнади фæрци) республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**, Цæгат Иристони Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис**, республики фæллойнæ æма социалон ирæзти министр, Уæрæсей Бæгъатæр **Абайти Юри** æма Президентон Академий паддзахадон разамунди уæлдæр скъолай директор **Олег Кондратенко**.

– Мах нæ кæрæдзей хуарз зонæн, уомæн æма еу гъуддаг æнхæст кæнæн, – загъта æ радзубандий Сергей Меняйло. – Мæнæй æруагæс кæнуй, уæ къохи алцидæр ке бафтуйдзæнæй. Нæ сæйрагдæр нисан æй сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн аккаг кусти бунæттæ иссерун, цæмæй, ци зонундзийнæдтæ райстайтæ, етæ Иристон æма нæ бæсти хуарздзийнадæн фæппайда уонцæ!

Æдеугурæй проекти архайунмæ сæ курдиæдтæ балæвардтонцæ 385 адæймаги. Етæ ‘нцæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма ветерантæ. Уони ‘хсæнæй равзурстонцæ 157 адæймаги. Идарддæр æхсæнадон совети иуонгтæ ‘ркастæнцæ республикон ахурадон программæ «Æхсаргин Иристон»-и кандидаттæй алке бæрæггæнæнтæмæ дæр. Æма гъæлæскæнуни хатдзæгтæмæ гæсгæ, уонæй 32 иссæнцæ кæронбæттæни уæлахездзаутæ æма архайдзæнæнцæ комплексон ахурадон программи. Сæ еугуремæ дæр ес уæлдæр ахурадæ, æнцæ Иристони цæргутæ.

Программæ арæзт цæуй Президентон академий паддзахадон разамунди уæлдæр скъолай агъазæй – æ минæвайрадæ ‘й нæ региони. Программæ «Æхсаргин Иристон» ци косæг къуар бацæттæ кодта, етæ рацудæнцæ сæрмагонд ахуртæ æма бæлвурдæй базудтонцæ, уæхæн программитæ куд аразгæ ‘нцæ, уой.

Къурси фæлгæти нисангонд æрцудæнцæ ахуради сæйрагдæр къабæзтæ, паддзахадон политикæ æма паддзахадон разамунди системæ; экономикæ æма финанстæ; регионалон æма муниципалон разамунд; разамунди нуриккон технологитæ.

Ахурадон программæ ‘й гъæздуг æма алливæрсуг: стажировкитæ, идарддзæф къурситæ, адæймаги ирæзти мадзæлттæ æма культурон хъæппæрестæ.

Еу хатт ма уой зæгъуйнаг ан, æма республикон паддзахадон программæ «Æхсаргин Иристон» арæзт æй, сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæ æма ветерантæй бæрзонд цæттæдзийнадæй æнхæст æма гъуддагзонæг разамонгутæ бацæттæ кæнун, цæмæй сæ бон косун уа паддзахадон хецаудзийнади оргæнти, аллихузи организацитæ æма региони æхсæнадон еугæндти.

# ÆДЗАРД ТУГЪДОНИ КЪАРÆ – НАМУСИ МУЗЕЙИ



***Сахар-бæгъатæр Севастополи бæрæгастæу ци музей «Уæрæсей бæгъатæртæ: тухæ – еудзийнади» ес уоми æрæги æвæрд æрцудæй не ‘мзæнхон æдзард тугъдон Хугати Радислави къарæ дæр.***

Экспозици арæзт æрцудæй, Уæрæсей Бæгъатæри майдан «Сугъзæрийнæ Стъалу» ка райста, уони кадæн.

Хонсариристойнаг тугъдон, 33-анздзуд **Хугати Радислав** фæммард æй 2022 анзи 27 мартъий Украини сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй. Е службæ кодта мотоæхсæг полкки.

Еци бон Мариуполбæл тугъдтити рæстæг Хугай-фурти къуар бахаудтæй зин уавæри. Дууæ тугъдони фæццæфтæ ‘нцæ, æма син Радислав фиццаг агъаз бакодта. Бардзурд равардта, кæми адтæнцæ, уордигæй фæстæмæ рацæуни туххæй. Фал лæдæрдтæй, разæй цæугутæ æдас ке нæ уодзæнæнцæ, уой. Æма уæд исфæндæ кодта знагбæл сайдæй рацæун: Иристони турусай хæццæ размæ рахезгæй, æхсун райдæдта знæгти, цæмæй етæ уомæ се ‘ргом раздахонцæ. Уомæй фæййервæзун кодта е ‘мбæлтти. Æ къуари тугъдонтæ еци уавæри исарæхстæнцæ æма знаги ниддæрæн кодтонцæ.

Мариуполбæл тугъдтити Хугати Радислав алæмæти лæгдзийнадæ ке равдиста, уой туххæй ин Уæрæсей Президент **Владимир Путин** исаккаг кодта Уæрæсей Бæгъатæри ном (æ фæсмæрдæ).

2024 анзи æ райгурæн Къуасайи ба ин æвæрд æрцудæй мемориалон циртдзæвæн.

Хугати Радислави рохс ном цитгийнагæй байзайдзæнæй историй. Нæ бæгъатæртæ нæ дзиллити зæрдити фæлтæрæйфæлтæрмæ цæрдзæнæнцæ, се ‘скъуæлхтдзийнæдтæ син сæрустурæй имисдзæнæнцæ.

## СÆРМАГОНД ÆФСÆДДОН ОПЕРАЦИЙ ВЕТЕРАНТÆ ÆМА БИЙНОНТÆН

Нæуæгарæзт фæсевæдон æзмæлд «Топаз»-и волонтертæ сæрмагонд æфсæддон операций ветерантæ æма сæ бийнонтæй еудадзугдæр есунцæ сæ сагъæссаг фарстати фæдбæл курдиæдтæ. Æзмæлд исаразгутæ æнцæ **Валерий Васильев, Кæркусати Иракли** æма **Годжицати Сослан**, сæрмагонд æфсæддон операций ветерантæ, æма си алкæмæн дæр ес æхе уæззау тугъдон ирисхъæ.

Валерийбæл цæуй авд æма инсæй анзи, Рязани уæлдæр уæлдæфон-десантон училищей рауагъдон, фиццаг бæнттæй адтæй тугъди цæхæри. Æригон командир е ‘мбæлтти къуари хæццæ авдемæй байахæстонцæ æнцайæн пункт Харькови облæсти, хуарзæнхæгонд æрцудæй Суворови майданæй, 2022 анзи октябри фæцæй уæззау цæф, ку исдзæбæх æй, уæд демобилизаций фæсте исæздахтæй Иристонмæ, Иракли æма Сослани хæццæ сæ хъауритæ æрбаеу кодтонцæ, æма æновудæй бавналдтонцæ иннæ ветерантæн æма сæ бийнонтæн сæ цардиуаги сагъæсти агъаз кæнуни туххæй косунмæ.

– Æрхæсдзинан уæхæн дæнцæ: ветерани седзæргæсæн æ хæдзари сæр тæдзуй, мах уой ку базудтан æ курдиадæй, уæд нæ волонтертæ æркастæнцæ уавæрмæ, еумæ банимадтан хæрзти бæрцæ, уæдта гæгъæдитæ балæвардтан республики хецауадæмæ. Фæрæзнитæ радех кодтонцæ, æма силгоймаги цæрæнуатмæ волонтертæ базилдæнцæ, – зæгъуй Валерий Васильев.

– Мæхецæн мин куд фæййагъаз кодтонцæ «Фидибæстæ гъæуайгæнгутæ»-йи фонди иуонгтæ, уотæ гъæуама агъаз кæнон æз дæр, сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй ка фæммард æй, уони ниййергутæ, бийнойнæгтæ, уæдта сæ сабийтæн, – зæгъуй Кæркусати Иракли.

Лæхъуæн æй, бархеуонтæй Харьков райсунбæл тугъдтити 2022 анзи феврали фиццæгти æмрæнгъæ ка архайдта, уонæй. Уой фæсте арæзт æрцудæй «Аланий батальон», æма тох кодта Запорожьей облæсти.

Сæрмагонд æфсæддон операций ветеран Годжицати Сослан адтæй еугуруæрæсеуон конкурс «Памяти героев верны!»-йи архайæг. Финсуй æмдзæвгитæ, заруй, цæгъдуй гитарæбæл, уарзуй спорт. Батальон «Сармат»-и службæ кодта 2022 анзи октябри мæйæй фæстæмæ, декабри мæйи ба ибæл фехалдæй фестæг æфсади нихмæ минæ... Аци æртæ лæхъуæни æнцæ хецæн агъазиау æрмæгутæ кенæ киунугутæ сæбæл ниффинсуни аккаг, зиндзийнæдти сæрти рахезгæй, нур тундзунцæ сæхе хузæнттæн, уæдта, æ цард æрдæгбæл кæмæн раскъудæй, уони бийнонтæн агъаз кæнунмæ. Сæ есæнбунат æрбунат кодта Дзæуæгигъæуи «Фидибæстæ гъæуайгæнгути»-й хæдзари, Дзанай-фурти гъæунги 69-аг номери. Фарстатæ бæлвурд базонуни фæдбæл ма ес бацæуæн сахари Интернационалон гъæунги 93-аг номери «Æхсæнадон организацити хæдзарæмæ». Бастдзийнади телефон 8-(8672)-54-88-89.

***Аци фарси æрмæгутæ бацæттæ кодта БИЧИЛТИ Алетæ.***

**Зундгонд ахургонд, Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон премий лауреат Хъусати Измаили фурт Генрий райгурдбæл 21 августи исæнхæст æй дæс æма цуппаринсæй анзи (1935-2019).**

# ЗÆНХÆН ЦИ ФÆУУАЙ, УОЙ ДИН ФÆУУОДЗÆНÆЙ!..




Советон доги ахурдзаутæ ма гъуди кæндзæнæнцæ, уæд алли скъолайæн кæд нæ, уæддæр сæ фулдæремæн сæ рæбун уидæ зæнхи хæйттæ. Æма си кæстæртæн равгитæ адтæй аграрон зонундзийнæдтæ комкоммæ базонунæн, аллихузон гъæууонхæдзарадон куститæ наукон æгъдауæй æнхæст кæнунмæ арæхсунæн. Фал советон цардиуагæ ку фехалдæй, уæд хъодигонд æрцудæй æ доги гъуддæгутæбæл...

Советон доги кæстæрти фæллойнадон гъомбæлади фæлтæрддзийнадæ цæйбæрцæбæл пайдайаг адтæй, уой нур лæдæрун байдæдтонцæ сауæнгæ æ фехалгутæ дæр. Хумæтæги нæ цæуй дзубанди скъолати фæллойнадон гъомбæлади куст иснæуæг кæнунбæл.

Ци мадзæлттæ арæзт цæуй, етæ кæдимайди ба фæррæстмæ уиуонцæ. Зæгъæн, куд нисангонд цæуй, уотемæй ахури нæуæг анзи дæргъи Цæгат Иристони скъолати косун райдайдзæнæнцæ фондз æма инсæй агрономий зонундзийнæдти къласи.

Уонæми скъоладзаутæ никки лæмбунæгдæр зонгæ кæндзæнæнцæ хими, биологи æма физики æуу-æлти хæццæ, кæцитæ сæ багъæуд-зæнæнцæ, зæгъæн, исонибони сæ будурти кенæ фонсдарæн фермити косгæ син ку рауайа, уæд. Уæдта, аци кълæсти ахур кæнгæй сæмæ фæззиндзæнæй, гъæууонхæдзарадон дæснийæдти еуцæйдæрбæрцæдæр фæлтæрддзийнадæ дæр.

Уæхæн аграрон къласс фæззиндтæй, зæгъæн, Мæздæги райони Черноярскийи станици. Гъæуккаг фæсевæд хуарз зонгæ 'нцæ зæнхи кусти æууæлти хæццæ, берети биййнонтæн си ес хе агъазадон хæдзарæдтæ дæр. Ардигон скъоладзаутæн анзи дæргъи агрономий къласи ахуртæ хъæбæр фæййагъаз æнцæ, хуæздæр базудтонцæ, зæгъæн, талатæ раст куд аразун гъæуй, картоф æма æндæр културити муггæгути хæццæ косун. Алли къуæре дæр сæ хæццæ хумти куста аграрон университети ахургæнæг, фæлладуадзæн бæнтти ба скъоладзаутæ сæхуæдтæ цудæнцæ Дзæуæгигъæумæ университети лекцитæмæ байгъосунмæ.

Черноярскийи скъолай директор Къибирти Людмили гъудимæ гæсгæ, скъолати агрономий къластæ байгон кæнун æй хъæбæр гъæугæ æма пайдайаг гъуддаг.

– Уалдзæги нин аграрон университет балæвар кодта гагарæзи æма рæзæ бæлæсти финддæс æма инсæй талай, уони скъоладзаутæ ниййаразтонцæ скъолай рази ахурадон фæзуати, алли бæласæн дæр равардтонцæ æхе номер, лæмбунæг сæмæ базилдæнцæ. Нисан ма кæнæн скъолай гъаруат дæр байгон кæнун, – зæгъуй Людмилæ.

Хуæрзæрæги Цæгат Иристони ахурадæ æма науки Министрадæ исаразта æртæвæрсуг бадзурд скъола, Хуæнхон паддзахадон аграрон университети æма инвесторти 'хсæн æмгустади тухххæй. Е ба уой амонуй, æма еци куст идарддæр дæр æнæкъулумпийæй ке цæудзæнæй.

***

*Аци нæуæгдзийнади тухххæй хабармæ гæсгæ зæрдæбæл æрбалæууй евгъуд рæстæгути еу зингæ хабар. Махмæ гæсгæ, цæмæдесаг уодзæнæй нæ газеткæсгутæн дæр, уæлдайдæр ба агрономий кълæсти ахургæнгутæ æма ахурдзаутæн дæр.*

## КУД НÆМÆ ФÆЗЗИНДТÆЙ ФИЦЦАГ АГРАРОН СКЪОЛА

Æ рæстæги Уæрæсей паддзахи администраци Кавкази гъæуuон хæдзарадæ капиталистон уагæбæл райаразун ку исфæндæ кодта, уæд цæмæй еци гъуддаг фæррæстмæ адтайдæ, уой тухххæй ба гъудæй ахургонд æма хуæрзарæхстгин косгутæ. Уомæ гæсгæ ба унаффæгонд æрцудæй, цæмæй уæхæн специалисттæ бацæттæ кæнуни тухххæй бæсти сæйраг сахармæ æрвист æрцæуонцæ кавказаг адæмти еуæй-еу минæвæрттæ. Æма Петербурги зæнхкосгути институт каст фæцæнцæ иристойнæгтæ Ардасенти А., Гæздæнти Э., Сохити Д. æма Санати И. Фал, уæддæр гъæуuон хæдзаради специалисттæ фагæ нæ адтæй. Уомæ гæсгæ паддзахи администраци ма исфæндæ кодта, аци регионы «агрономти скъола» дæр байгон кæнун.

Уæхæн куст исæнхæст кæнун ихæсгонд æрцудæй агроном Фердинанд Бушекæн. Е адтæй австриаг. Каст фæцæй Праги университети политехникон факультет.

Бушек 1868 анзи рабалци кодта Кавказбæл. Паддзахи æнсувæр Михаил Николайи фуртмæ финста: «Гъæуuонхæдзарадон скъолайæн бунатæн равзурстон Терки облæсти, Владикавказмæ хæстæг рауæн...» Æ еци финстæги Бушек идарддæр финста: «Раттетæ мин зæнхæ 500 дæсæтини. Æ аргъ ин бафеддзæнæн фондз æма инсæй анземæ...» Уомæй уæлдай ма курдта, цæмæй ин исаразонцæ скъолай азгъунст, уæдта ин алли анз дæр дæттонцæ 1800 соми – директорæн, агъазгæнæгæн, бухгалтерæн, рæзæдонæ гъæуайгæнæгæн æма ахуркæнуйнæгтæн федунæн.

Бушек Тифлисæй æ курдиадæн дзуапп ку райста, уæд дзубанди кæнун райдæдта облæсти хецауи хæццæ. Облæсти администраци исæнхæст кодта агрономи домæн. Æцæг зæнхи тухххæй облæсти хецау Лорис-Меликов, Кавкази ци уруссаг æфсад адтæй, уой сæйраг командæгæнæгмæ финста: «Владикавкази алфамбулай зæнхæ нæййес. Ци зæнхитæ си ес, етæ 'нцæ хъазахъаг станицити...»

Фал, скъолай устур пайдамæ ке æнгъæл кастæнцæ, уомæ гæсгæ ба равзарун гъудæй гъæздуг мæрæгун æма сахармæ хæстæг бунат. Цалдæр рауæнеми лæвардтонцæ скъолайæн зæнхи хай, фал Бушек не 'сарази уидæ. Уæд зæнхæ равзарунмæ Бушек рандæй Мæхъæлмæ. Грознамæ цæугæй æй бахезун багъудæй Камбилеевки цæугæдонбæл. Хед адтæй ихæлд. Дони астæумæ ку бахъæрттæнцæ, уотемæй ба файтон фæхъхъан æй.

Æма Бушек æрбунат кодта Камбилеевки пости. Еци азгъунст арæзт æрцудæй 1804 анзи. Уæд Арвикоми нади еу хай Мæздæгæй Владикавказмæ цудæй абæлти. Фал 1825 анзи еци над цæун райдæдта Терки галеувæрсти. Æма куд федар, уотæ постæн уой бæрцæ ахедундзийнадæ нæбал адтæй. 1869 анзмæ æрцудæй хъæбæр æдзæллаг уавæрмæ. Зин бауæндæн адтæй, федар тугъдон пост ке адтæй, уобæл. Ами æрфусун кодтонцæ 300 уруссаг æфсæддони.

Бушек исфæндæ кодта еци азгъунст барæвдзитæ кæнун. Облæсти хецæуттæ исарази æнцæ агрономи фæнди хæццæ. Пости алфамбулай ци зæнхитæ адтæй, уонæй 200 хаудтæнцæ Базоркинмæ (нури Черменигъæу – Ред.), 281 – Владикавказмæ, 29 дæсæтини ба – Олгинскæмæ. Уомæ гæсгæ падздзахи администраци æнгъæл адтæй, зæгъгæ, уоми цæргутæ не 'сарази уодзæнæнцæ сæ зæнхитæй скъолайæн рахай кæнунбæл. Фал адæмæн æхцæуæн дæр ма адтæй еци гъуддаг. 1869 анзи майи Ф.Бушекæн рахецæн кодтонцæ 500 дæсæтини. Цалдæр боней фæсте ба 1500 сомемæй балхæдта Камбилеевки тугъдон пост.

Еци анз 31 июни Фердинанд Бушек æма облæсти хецау Лорис-Меликови 'хсæн арæзт æрцудæй бадзурд. Уомæ гæсгæ ин алли анз дæр ахургæнæг байхуæрсунæн лæвардтонцæ 600 соми. Ахуркæнуйнæгтæ дарунæн ба 50 соми алкæмæн дæр.

Ахурти программæ гъæуама Бушек æхуæдæг исаразтайдæ æма 'й исфедар кæнунмæ ба гъæуама равардтайдæ облæсти хецæуттæмæ. Анзи æрдæги фæсте ба исрæвдзæ кæнун гъудæй гъæуuонхæдзарадон пълан. 1869 анзи августи косæндзаумæуттæ æма муггæгутæ балхæнунмæ Бушек рандæй фæсарæнмæ.

Æ хъæппæрес ин хуарзбæл банимадтонцæ Кавкази уæлдæр хецæуттæ. 1869 анзи ноябри облæстон управлений къæнцилар фегъосун кодта зилдти хецæуттæн, цæмæй етæ байархайуонцæ скъоламæ ахуркæнуйнæгтæ равзарунбæл. Уæдта син æргомæй бафæдзахстонцæ, зæгъгæ, «хецауади рази æхе хуарзæй ка бавдеса, фулдæр уони сувæллæнттæ æрвист гъæуама цæуонцæ скъоламæ...»

Скъоламæ райстонцæ: Хъумухъи зилдæй цуппар биццеуи, Мæхъæлæй – авд. Иристонæн равардтонцæ аст бунати. Иннетæ ба адтæнцæ хъазахъаг станицитæй.

Бушек ноябри бацæттæ кодта ахурти программæ. Фиццаг анз ахуркæнуйнæгти «базонун гъудæй будуйрон куститæ», «пайда æма зианхæссæг кæрдæгутæ базонун», «гъæуuонхæдзарадон косæнгæрзти арæзт æма уонæй пайда кæнун...»

Уазал сæумæ адтæй 1869 анзи 15 декабри. Скъоламæ 'рбацудæй берæ адæм. Етæ цæмæдесæй кастæнцæ, «немуцаг лæг» ци архайдзæнæй, уомæ. Дууадæс сахаттебæл Бушек байгон кодта фиццаг гъæуuонхæдзарадон скъола Цæгат Кавкази.

Аци цау зæрдæбæдаруйнаг ма æй уомæй дæр, æма гъе уотемæй райдæдта Чермени нури гъæуuон хæдзаради механизаций скъолай анзфинст.

Фиццаг ахуркæнуйнæгти хæццæ адтæнцæ: Брутæй – Санати Мæхæмæт, Чиколайæй – Дзодзойти Абрам (Чиколай уæхæн муггаг адтæй, е бæрæг нæй. Кæд миййаг, Дзадзатæй адтæй? Æ исбæлвурд кæнунбæл байархайдзинан. – Ред.), Æрæдонæй – Адирхати Васили, Салугæрдæнæй – Гæбути Федар, Карсанти Патрикий, Гизæлæй – Тотиккати Григорий æма иннетæ.

Фиццаг бæнтти ахуртæ хуарз цудæнцæ. Фал гъæздугути цæуæт косун ахур нæ адтæнцæ. Æма си беретæ скъолайæй фæллигъдæнцæ сæ хæдзæрттæмæ. Зæгъæн, 1870 анзи апърели скъолайæй рацох кодтонцæ Цæцæни зилдæй æртæ биццеуей: Оздемир Тоштемирови, Газа Мустафини æма Осман Исламови. Бушек уой фæдбæл игъосун кодта: «…фиццаг бæнттæй фæстæмæ етæ сæхе дарунцæ лæгъуз, сæхецæн домунцæ сæрмагонд хуæруйнаггæнæг, ахур кæнунцæ лæмæгъ. Махæн, дан, будуйрон куститæн ес ихуæрститæ».

Уотемæй скъолай раздæри цуппар æма дууинсæй ахуркæнуйнагемæй 1870 анзи 1 июлмæ ма байзадæй æвддæс. Скъола ка ниуугъта, уони муггæгти кæстæрти тухххæй Бушек уотæ финста: «Гъæздуг ниййергути фурт æй, уомæ гæсгæ косун æ зæрдæмæ нæ цæуй...» Мæгур цæргути сувæллæнттæ кустуарзагæ адтæнцæ.

Æригон специалистти фиццаг рауагъд адтæй 1874 анзи. Скъола каст фæцæнцæ æртæ æма дууинсæй адæймаги, уонæй æстдæс адтæнцæ иристойнæгтæ.

Бушеки скъолай тухххæй финсун райдæдтонцæ газеттæ дæр. Уой бæрцæ фæсевæд цудæй аци скъоламæ, æма син Ф. Бушек аразта конкурсон фæлварæнтæ дæр.

***Аци æрмæг газет «Рæстдзинад»-и 1970 анзи ниммухур кодта Берозти Батраз, уæди рæстæги Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети ССР Цæдеси истори кафедри аспирант, фæстæдæр иссæй историон наукити доктор.***



**Фиццаг аграрон скъолай куст ци будурти хæццæ баст адтæй, уонæми абони дæр арæзт цæуй аллихузон наукон-практикон мадзæлттæ.**

**Фондз æма фондзинсæй анзей размæ (1920 анзи 21 августи) Дзæуæгигъæуи арæзт æрцудæй фельдшерон-акушерон скъола. 1954 анзæй фæстæмæ – медицинон училище, 1994 анзæй фæстæмæ ба – медицинон колледж.**

*Иосиф СТАЛИН 1945 анзи 2 сентябри советон адæммæ фæдздзурди æримиста, Япони нæ Фидибæстæмæ куд томар кæнидæ, уой. Уруссаг-япойнаг тугъди рæстæг 1904 анзи уруссаг æфсæдтæ куд фæххуæрди æнцæ, уой кой ракæнгæй загъта: «Е адæми сæризунди ниуугъта уæззау имисуйнæгтæ. Сау къæмæй æрфæлдæхтæй нæ бæстæбæл. Мах адæмæй æругæс кодта*


ПЛИТИ Иссæ æма Манголий маршæл Хорлогийн ЧОЙБАЛСАН.

# УОДÆЙ – ФЕДАР, НИФСÆЙ – ÆХСАРГИН!..



**ДЗАДТИАТИ Тотурбег** (1910-1984), финсæг

***– Исси зæрдæбæл æрлæудтæй тугъдон историй цау – Уæрæсе æма Японий æхсæн 1904-1905 æнзти тугъд. Историй ка байзадæй, еци цаутæ æма хабæрттæ... Уони æримисгæй, барста сæ 1945 анзи советон æфсæдти тугъдон архайди хæццæ. Уæд, паддзахи доги, Маньчжурий тугъд ниддаргъ æй дууæ анзей бæрцæ, фал уæддæр паддзах æма æ инæлæртти æгудзæгдзийнади фудæй Уæрæсе фæммулд æй. Нур 1945 анзи, Японий æфсад æма флот Советон Гæрзефтонг тухти нихмæ тохун еу мæйæ дæр нæ исфæразтонцæ.***

Фал е тугъди кæрон нæма адтæй. Японий æфсæдтæ цудæнцæ мæнгардæй æма нæ минкъийдæр кодтонцæ сæ тугъдон лæбурдтитæ. Маньчжурий зæнхæ æзмалдæй тугъди тумугътæй: Фæсбайкали фронти сæйраг тухтæ æмпурстонцæ Ляодуни билгæрæнттæмæ, Порт-Артурмæ æма Дальнимæ (Дайрэн). Исси æфсæддон къуар ба æмпурста Пекинмæ, аци райони китайаг 8-аг Сурх æфсадбæл куд исæмбалдайдæ, уотæ. Фал советон-мангойлаг æфсæдти æскъуæлхтдзийнадæ Чан-Кай-шийæн адтæй зæрдихалæн рæхуст. Тæссаг адтæй, уотемæй дууæ паддзахадей астæу тугъдон конфликт рауайунæй. Фал Иссæ уомæй нæ фæттарстæй: тох цудæй федарæй, бонæй-бонмæ уæлахезгиндæрæй.

Æнтæстгинæй æмпурстæн фæййагъаз æй, болкъон Никамурай лæмбунæг дзубанди, япойнаг æфсæдтæ Датун-Пекин-Тяньцзини, Исси æмпурсæн районти, куд æвæрд адтæнцæ, æма сæмæ ци тухтæ адтæй, уой бæлвурддзийнæдти туххæй. Жэхэйи федари хецау Никамура уацари ист ку æрцудæй, уæд ин уæлдай нæбал адтæй æма фæстагмæ æ къох ракъуæрдта, уотемæй загъта:

– Япони нур саст æй, дæрæнгонд æрцæуздзæнæй аци бæнтти... О, ехх, – исуолæфтæй болкъон арф, – мæ райгурæн бæстæ «Чан-кви»-й операций пълан исæнхæст кæнунмæ ку исарæхстайдæ æма еугур Азий «тегътæ» дæр æ «цари» буни ку æрбакодтайдæ... – æ сæр бахуаста болкъон.

– «Чан-кви»-й операций пълан ба ци хонис, господин Никамура? – зæгъгæ, Иссæ ку рафарста, уæд ин уæхæн дзуапп равардта:

– Китайи æфсæдти ниддæрæн кæнуни япойнаг пълан... Фал æй исæнхæст кæнун къохи æнхæстæй нæ бафтудæй: Сурх Æфсад нин нæ пълæнттæ фехалдта, фæйиервæзун кодта Китайи æфсæдти бустæги ниддæрæн кæнунæй... Уæхæн устур цау тугъдон историй некæдма адтæй!..

## КОСАРТ КОДТОНЦÆ ÆМА СÆ КАРД Æ КЪÆДЗЕЛÆБÆЛ РАСАСТÆЙ...

Рубэйкоуи федар саст æрцудæй æма Исси штаб æрфусун кодта аци сахари. Æ раззагдæр корпустæ æмпурстонцæ идарддæр, Пекинмæ бахæстæг æнцæ. Сæ еу хай ба æмпурста идарддæр – Летинмæ.

Фал ци гъавуй Чан-Кай-ши? Цæмæн ихалуй Советон Цæдеси æма Гоминдани хецæутти ’хсæн бадзурд Японий империалистон агрессорти бустæгидæр ниддæрæн кæнуни туххæй? Ке пайдайæн æй æ архайд? Цæмæн домуй, советон-мангойлаг æфсæдти Пекинмæ æмпурст бауорамун?

Уæхæн фарстатæбæл гъуди кæнгæй, Иссæ идарддæр дзубанди кодта, æ разæсгаргутæ Пекинæй уацари ци япойнаг афицерти æрбакодтонцæ, уони хæццæ.

– Æз мæ хецауæй райстон бардзурд, мæ полк уацари айдагъдæр Америки, кенæ ба Яан-Кай-ший æфсæдтæн куд раттон, – зæгъуй япойнаг афицер. – Фал мæнæн уæлдай нæй; сумах цæдесонтæ айтæ æма уи ка фæрраздæр уа, уой рази æрæвæрдзинан нæ тохæнгæрзтæ.

– Уæ дивизи ба? – рафарста æй Иссæ.

– Нæ дивизи æма æфсад дæр Японий хестæр штабæй райстонцæ уæхæн бардзурд, – дзуапп равардта япойнаг...

Командæгæнæги уатмæ бацудæй разæсгаргути хестæр Чернозубенко æма цубурæй зæгъуй:

– Æфсæдти раззагдæр хæйттæ бахæстæг æнцæ Пекинмæ... Нуртæккæ тох кæнунцæ Пекинмæ хæстæг, мæнæ аци федæрттæ райсунбæл, – æма картæбæл амонуй Яньлочжуан æма Шиеячжани федæрттæмæ. – Фал, балæдæрæн кæмæн нæййес, уæхæн нæуæгдзийнадæ; Чан-Кай-ши америкаг хуæдтæхгутæбæл фæдеси уавæрæй гæлдзуй æ десанттæ мах бæхгин-механизацигонд корпусти нихмæ... Чай-Кай-шийæй мах æрдæмæ æрбаледзæг афицертæ æмгъæлæсæй дзорунцæ: «Пекинмæ æмпурст ракъахдзæнæй устур буцæу цæдесон паддзахæдти ’хсæн... Чан-Кай-ши домуй: советон-мангойлаг æфсæдтæ фæстæмæ раздæхæнтæ, Китайи Устур фарсæй куд фæффæстæдæр уа, уотæ...» Е куд лæдæргæ ’й махæн, æмбал командæгæнæг?»

– Гадзирахаттæй рацудæй! Америки æма Англиси империалистти хъозон Чан-Кай-ши æнхæст кæнуй, æ тæгæнай ин хуаллаг ка кæнуй, уони фæндæ: Китай æма Корейи гъавуй æ хецæуттæн аслан аргъбæл ниуузæйæ кæнунмæ... Фал сæ гадзирахат фæндитæй неци рауайдзæнæй! Чан-Кай-ши æма æ ардаугутæ хæлеугъæлæстæй райзайдзæнæнцæ сæ саст тæгæнай уæлгъос: аци тугъди фæсте Китай исуодзæнæй адæмон демократий республикæ! Е ди æруагæс кæнæд!..

Аци дзубандити фæсте Иссæ фæдздзурдта æхемæ штаби æма оперативон управлений хецæуттæмæ æма син уæхæн бардзурд равардта:

– Хуæздæр дивизитæй фæттухгиндæр кæнетæ Пекинмæ æмпурсæг хæйтти. Аци æхсæвæ нæ раззагдæр æфсæдтæ Пекини центри куд уонцæ, уотæ бакæнетæ еугур мадзæлттæй дæр!..

Штаби хецау командæгæнæгмæ игъуста, катайи бацудæй, утемæй. Æма аци хатт нæ финста гæгъæдибæл командæгæнæги бардзурд. Уой Иссæ æрæгиау æрлæдæрдтæй æма ’й рафарста:

– Ци дæбæл æрцудæй, инæлар, цæбæл сагъæс кæнис?

– Фæсбайкали фронти командæгæнæг маршæл Малиновскийи бардзурд ба, бустæги æндæрхузон æй, Иссæ Александри фурт... Нуртæккæ ’й райстан, – зæгъуй штаби хецау æма бардзурд равардта Иссæмæ.

Е æй тагъд-тагъдæй ракастæй æма æрмæтъæл æй, гъудити ранигъулдæй, уæдта зæгъуй:

– Провокаци!.. Япойнæгти, кенæ чанкайшистти конд провокаци! Исбæрæг æй кæнетæ!.. Уогæ... Мæхуæдæг! Сумах цотæ æма æнхæст кæнетæ мæ бардзурд... Гъо, еу ахсгиаг гъуддаг ма: дæттетæ, æнæвгъау æма рæдауæй знагæй байст тохæнгæрзтæ æма хуæлцæ Китайи сурхæфсæддон хæйттæн... Раттетæ син, нæхемæ ци уæлдай тохæнгæрзтæ æма хуæлцæ ес, уони дæр... Кæдмæ гъезæмарæ кæндзæнæнцæ сæ карз тохи хуæрдæ, хъæппæл æма тохæнгарз гъæуагæй!

– Уой туххæй, æмбал командæгæнæг, сæрмагонд бардзурд райсун гъæуй уæлдæр Сæйраг командæгæнæгæй, Ставкæй, - фæрсæгау имæ æрбакастæй штаби хецау.

– Уой туххæй мæн бафхуæрæд, – æ медбилти бахудтæй Иссæ, – Ставкæй фæстæдæр райсдзинан уæхæн барæ... Китайи адæми æма æ Сурх Æфсади тох кæнун гъæуй сæ коммунистти разамундæй... Æма ревæд къохтæй Китай фæсарæнтæн уæйæгæнæг Чан-Кай-шийи нæ басæтдзæнæнцæ! Гоминдани æфсад ба фæсарæйнаг хуæздæр тохæнгæрзтæй æма консервтæй æ хъурмæ ’й!..

Иссæ æхуæдæг куд исбæрæг кодта, уотемæй маршæл Малиновский æцæгæй бардзурд равардта Пекинмæ æмпурст бауорамун æма советон-мангойлаг еугонд æфсæдти Пекини сахаргæронæй фæстæмæ раздахуни туххæй. Инæлар-болкъон Плити Иссæ æнæбари исæнхæст кодта фронти командæгæнæги бардзурд – е ’фсæдти раздахта Пекинæй æма сæ рахезун кодта Китайи Устур фарси фæстæмæ.

## ГАЛ ÆСТОНГÆЙ АУÆДЗИ НЕЦИ РАХУÆЦДЗÆНÆЙ...

Исси советон-мангойлаг æфсæдти штаб æрфусун кодта Жэхэйи, цалдæр боней размæ, æнæ еу гæрахæй япойнаг æфсæдтæй еу дивизи æма æртæ бригади уацари кæми райста, еци устур китайаг сахари. Аци бæнтти еугур Маньчжурий, Рæбуйнаг Манголи, Корейи, Вьетнами æма берæ æндæр рауæнти аразтонцæ митингтæ Японий империалистти сæйрагдæр нифс – Квантуни тогцъух æфсад сау дæрæн ке ’рцудæй, Скæсæн бæститæ жандарм – япойнаг милитаристти хецауадæ састи бунати ке байзадæй, уонæбæл цийни митингтæ.

Ами, Жэхэйи, Исси штабмæ æрæмбурд æнцæ æ корпусти, дивизити, уæдта сæрмагонд æфсæддон хæйтти командиртæ æма политикон разамонгутæ. Се ’мбурди æвзурстонцæ ахсгиаг фарста: «Куд исæнхæст кодта советон-мангойлаг еугонд бæхгин-механизацигонд æфсæдти къуар æ кадгин ихæс япойнаг империалистти тугъдон тухтæ басæттунбæл тохи операций æма уомæй циуавæр хатдзæгтæ гъæуй искæнун, уой туххæй».

– Сурх Æфсади тугъдон историй, – дзурдта инæлар Плийи-фурт, – фиццаг хатт адтæй уотæ, æма дууæ паддзахадей æфсæдтæ æмдух, æмзундæй еу знаги нихмæ тугъди бацæуонцæ. Æма, уæхуæдтæй ’й куд фæууидтайтæ, уотæ хæларæй цæрæг паддзахæдти еугонд æфсæдтæ, еугонд командæкæнуйнадæ сæ сæргъи, уотемæй равдистонцæ, историй ка нæма адтæй, уæхæн æнсувæрон еудзийнадæ, равдистонцæ федар æфсæддон æгъдау, фæткæ æма арæхстдзийнадæ. Советон-мангойлаг æфсæдтæ айдагъдæр финддæс боней дæргъи тугъдтити ниддæрæн кодтонцæ Японий агрессивон æфсæдти, æ бунатæй расхъеун кодтонцæ Японий милитаристон хецауади.

Бæрæг адтæй, Сурх Æфсад Гитлерон Германий нихмæ тугъди тæккæ тухстдæр æма зиндæр рæстæг Японий хецауадæ æма æфсæдтæ сæ тохæнгæрзтæ нæ нихмæ гæппæрвонгæй куд дардтонцæ, аллихузон провокацитæ куд аразтонцæ нæ нихмæ, е. Японий хецауадæ Гитлери домæнмæ гæсгæ 1941 анзи е ’фсад фæффулдæр кодта дууæ хатти. Уæдæй фæстæмæ сæ фулдæрæй-фулдæр кодта. Æма Гитлери къохи бафтудæнцæ Сталинград æма Кавказ, зæгъгæ, уæд Япони, дууæ хецауадей æхсæн бардзурд фехалгæй, райдæдтайдæ æмпурсун нæ нихмæ, байстайдæ Советон Идард Скæсæн æма Сибир. Ауæхæн тæссаг уавæрти ами Советон Цæдес дардта Сурх Æфсадæй 30-40 тугъдон дивизий æма Сабур океани æфсæддон флот. 1941–1942 æнзти уой бæрцæ тухтæ немуци нихмæ æрæвæрун нæ бон бацайдæ, Японий æрдигæй æрбампурсунæй тæссаг нин ку нæ адтайдæ, уæд Гитлер нæ бафæразтайдæ Советон Цæдеси зæнхитæбæл уотæ арф æрбампурсун æма мах мæлæтдзаг таси æрæвæрун...

Уæхæн знæгти ахæстдонæ ниппурхæ кæнун, еугур искæсæн бæстити цифуддæр знæгти басæттунбæл цалдæр анзи тох кодтонцæ Америкæ, Англис æма Чан-Кай-шийи Китайи æфсæдтæ æма денгизон флоттæ. Фал æнæ мах, советон æфсæддон тухтæ æй басæттун нæ бафæразтонцæ, уæдта ма цалдæр анзи ку фæттох кодтайуонцæ, уæддæр ин, æвæдзи, нæ бантæстайдæ.

– Черчилль æма Трумэн Японий тугъд фæуунæн ци æмгъудтæ искодтонцæ, уой дæр ма нин зæгъæ, Иссæ Александри фурт, – бафарста æй æ хуæдæйййевæг Цеденбал.

– Америки æма Англиси разамонгутæ æма номдзуддæр тугъдон архайгутæ куд испълан кодтонцæ, уотемæй Японий æфсæдти æма флот басæттунæн рæстæг гъудæй анз æма æрдæг – дууæ анзи. Цæмæй уордæмæ, Японий сакъадæхтæмæ, десант бампурстайуонцæ, уой туххæй Америкæ æма Англиси гъудæй бацæттæ кæнун авд миллион æфсæддони æма десанттæй арæзт тухгин флот.

– Куд ма ’й гъуди кæнетæ, мæ хæлæрттæ æма тугъдон æмбæлттæ, – дзурдта Иссæ идарддæр, – уотемæй нæ нимпурст райдæдта 9 августи æма рахаста 24 бони. Уонæн айдагъдæр се ’мбес багъудæй Квантуни æма е ’мцегти – Рæбуйнаг Манголи æма Маньчжоу-Гойи æфсæдтæбæл фæууæлахез унбæл. Иннæ бæнттæ рандæнцæ капитуляцибæл дзубандити.

*(Кæрон. Райдайæн 31-аг номери.)*

***æма æнгъæлмæ кастæй, ке ралæудзæнæй еци бон æма Япони æрцæудзæнæй дæрæнгонд æма еци къæмæ æндæгонд æрцæудзæнæй. Дууинсæй анзи æнгъæлмæ кастан мах, хестæр фæлтæри адæм, еци бонмæ. Æма мæнæ нур еци бон ралæудтæй. Абони Япони басастæй, саст ке æрцудæй æма бафинста æнæуæлдай дзубандитæй æ тохæнгæрзтæ æрæвæруни акт...»***



Уотæ рæвдзæ æма арæхстгинæй тухтонцæ советон æфсæдти æртæ фронти дæр. Уæхæн цау бæрæг кæнуй уой, æма фашистон Германий æфсæдтæ ниппурхæ кæнуни фæсте Сурх Æфсад æма нæ денгизон флот фæттухгиндæр æнцæ.

## «ИССÆЙ БОЗ АН, ЗÆРДИАГÆЙ ИН АРФÆ КÆНÆН...»

Иссæмæ ка игъуста, уони цæститæбæл рауадæй бæхгин-механизацигонд æфсæдти нимпурстæн æ фиццаг бон.

Рагъи бæрзонддæр къубурбæл арæзт кæсæнæй кастæнцæ мæйдар æхсæви знаги 'рдæмæ Иссæ æма е 'мархайгутæ. Хъæбæрдæр тухстæй æсгаргути хестæр дæлболкъон Чернозубенко: афонæ адтæй, раздæр ке рарвиста, уонæй хабар райсунæн. Фал нецима игъосун кодтонцæ.

– Михаил Дмитрийи фурт, хъæбæр тухсис? – рафарста æй командæгæнæг.

– Æ тухстæн бундор ес, – загъта Цеденбал. Е дæр минкъийдæр нæ тухстæй Чернозубенкойæй.

– Сахъигурдтæ 'нцæ, дæ зæрдæ сæбæл дарæ, – нифсæвæрæгау исдзурдта Иссæ. – Уодзæнæй си хабар аци минуттæбæл.

Идард рауæн знаги 'рдигæй саумæрæ æхсæви тари исрæмугътонцæ рохси æвзæгтæ æма уæлдæф цæхæр искалдта. Е адтæй æсгаргути сигнал: «Размæмпурсæн нæдтæбæл знæгтæ уотæ берæ нæ 'нцæ... Æнгъезуй райдайун...» Аци сигнали фæсте æмхузонæй ниггупп ластонцæ рохси туфултæ еугур арæнбæл дæр. Фæсбайкали фронти фæтæ ба адтæй мин километрей бæрцæ.

Рохси туфулти фæззиндмæ ниггур-гур кодтонцæ сæдæгай мотортæ, иссугъдæнцæ мингай фаритæ, æма уотæ зиндтæй, цума мæйдари æнæкæрон будуртæ фестадæнцæ рохс денгизи уолæнтæ. Нуриуæнгæ думги гъæр дæр кæми нæ цудæй, еци зæнхæ арвнæрæгау гæбар-губур кодта: æмпурстонцæ танкитæ, мотопехоти æма хуæдтолгæ дзармадзанти машинттæ, «Катюшитæ». Сæ фæсте руги мегъи уадæнцæ фиццаг эшелони бæхгинтæ мингæйттæй Маньчжурий зæнхæбæл Гобий зменсгун будурти.

Берæ рæстæг нæма рацудæй, уотемæй командæгæнæгмæ ласун байдæдтонцæ знагæй уацари райст афицертæ æма салдæтти.

– Æз фæгъгъæла дæн, уе 'фсæдти уин ку фæууидтон, уæд, – дзурдта япойнаг æригон афицер. – Фæсæхсæвæрти нæ застави фегъустан моторти гур-гур. Тугъдон фæдес куддæр райгъусун кодтан æма нæ тохæнгæрзтæ нæ къохтæмæ райстан, зæгъгæ, уотæ нæбæл нигъзалдтонцæ пулеметтæ æма автоматтæй...

– Рохс ку фæуулдтон, уæд командæ раттун дæр мæ бон нæбал бацæй ме 'фсæддонтæн, уотæ мæ райахæстонцæ, – дзурдта иннæ афицер. Нæ застави куд равзурдайтæ, уой ни зонгæ дæр неке бакодта. Уæ гур-гурæй не 'фсæддонтæ сæ уæргутæбæл æрхаудтæнцæ æма гъæр кодтонцæ: «Нæ хуцау Аматаресу Оосиками нæ ралгъиста... Бабун ан!»

Япойнаг тогцъирти дзæмбутæмæ ци адæмтæ бахаудтæнцæ, уони гъезæмæртти туххæй дзоргæй, Иссæ радзурдта, æхе цæститæй ке фæууидта, уæхæн цау:

– Иматухэйи ивулд донбæл хедтæ аразгути хæццæ мæн дæр уарун æрахæста. – Мæ гъуддæгутæ ку исаразтон æма, цæуон, зæгъгæ, куд загътон, уотæ мæ рази фестадæй маньчжураг рацæргæ зæнхкосæг. Æ




**Плити Исси рохс ном хъæбæр цитгингонд цæуй Манголий. Зæгъæн, бæсти сæйраг сахар Улан-Батори æ ном ци 49-аг астæуккаг скъола хæссуй, уой размæ ба 2024 анзи æ рази æвæрд æрцудæй бюст (исаразта 'й Дзбойти Арсен). Уой размæ ба, 2017 анзи æ бюст (æ исаразæг Хайти Ибрагим) æвæрд æрцудæй Улан-Батори советон æфсæддонти номерæни мемориалон комплекси. Аци арфиаг гъуддæгутæ арæзт æрцудæнцæ номдзуд хузæгæнæг Дзанайти Азанбеги номбæл Фонди хъæппæресæй, æ разамонæг Дзанайти Заур.**

уæле – æскъудтæ хæлаф, æмпъозæнтæй ка нæбал зиндтæй, уæхæн цидæр гъесинæй конд уæллаггурæ æ усхъитæбæл, æ сæрбæл пакатæ зæронд ходæ. Уæхæн мæгуртæ ами фæууинæн ес миллионтæ. Æ сæрæй мин ниллæг ракувта æма, уруссаг дзурдтæ цъæрæмухститæй дзоргæй, балигъстæ кодта: «Мæ хæдзарæ мин фæууинæ... Баоцзи мæмæ бахуæрæ... Ленин, Сталин...

Æма мæ рази æ уæргутæбæл æрлæудтæй. Бацудан хъæбæр мæгур хæдзарæмæ. Æ бацæуæнтæ – къæдзтæ-мæдзтæ, пъол сикъитæй исæрст, тугури – къæразгæ, рохси цъирт имæ кæцæй калдæй, уæхæн хъуæцдзæуæн æма Хуцаумæ ковæн. Фал си нур уарун бони дон бунмæ сæххæт кодта. Æ хуæруйнагæй ин фæууидтан, æма ин райарфæ кодтон. Цæуæн фæстæмæ: «Аци ингæнæй ма фæййервæзæ!» Е бабæй нæ рази æ уæргутæбæл æрхаудтæй æма изæдмæ ковæгау, лигъстæ кæнуй: «Ленин... Ленин!..» Æз æй балæдæрдтæн, Ленини хузæ агоруй, æма 'й адъютантæн балæдæрун кодтон. Нæ нæмæ разиндтæй æ хузæ, фал Семенидо æ кисæ фелваста, никкастæй имæ, æма си разиндтæй, Ленини хузæ кæбæл адтæй, уæхæн сæдæ сомей гæгъæди. Æ цæсгонбæл хортæ æма мæйтæ исæрттивтонцæ. Æхе нæбал бауорæдта, минкъий ма 'й гъудæй, æма нин нæ къæхтæн ниббатæ кодтайдæ. Фал ин капитан æ дæлуагистæбæл фæххуæстæй, æ къæхтæбæл æй ислæуун кодта, æма ин зæгъуй:

– Мах япойнаг афицертæ нæ ан. Ду нур, нæ хестæр, зæнхи хецау дæ, æма мабал тухсæ: сæребарæ адæймаг дæ!

Иссæ лæмбунæг æрдзубанди кодта æма равдиста, тугъдон операцитæ куд рацудæнцæ, æхе ка куд равдиста дивизитæ æма корпустæй, уобæл, уæдта дзурди барæ равардта командиртæн æма политикон косгутæн.

Æ хуæдæййевæг, бæхгин-механизацигонд æфсæдти политикон разамонæг, инæлар-лейтенант Цеденбал æ радзубандий кæрони загъта:

– Милитаристон Япониий адтæй еугурдуйнеуон империализми реакцийи тæккæ хъазауатондæр хъауритæй еу, сабурдзийнади, демократий æма социализми цифуддæр знаг. Япони адтæй фашистон Германий сæйрагдæр æмцæдесон. Советон Цæдес æма Манголий адæмон Республикæмæ нимпурсунмæ æхе цæттæ кæнгæй, япойнаг агрессортæ 1931 анзи нимпурстонцæ æма æрахæстонцæ цæгат-скæсæн Китай æма си исаразтонцæ тухгин федаргонд плацдарм. Нæ командæгæнæг инæлар-болкъон æмбал Плити Александри фурт Исси туххæй берæ дзорæн ес, фал си зæгъдзæнæн цубурæй: «Нæ командæгæнæг дессаги хуарз арæхстæй командæ кæнунмæ, адтæй домагæ, устур ездондзийнади хецау. Разамунд кæмæн лæвардта, уони хæццæ, мангойлаг командирти хæццæ, куста лимæнæй. Мах си ан арфиаг æма ин арфæ кæнæн кæдзосзæрдæй...»

Командирти æмбурдмæ уæлахези арфитæ кæнунмæ æрбацудæнцæ маршæлтæ Василевский, Чойбалсан æма Малиновский.

– Советон Цæдес æй дуйней фæллойнæгæнгути нифс, тухæ, ахсгиагдæр цæгиндзæ æма ин ес берæ хæлæрттæ. Уони астæу – Мангойлаг адæмон республикæ дæр,– загъта Манголий паддзахади разамонæг, маршæл Хорлогийн Чойбалсан.

Æмгуппæй æрдзæф кодтонцæ советон-мангойлаг афицертæ, кæрæдзей хъуритæ кодтонцæ. Иссæ загъта:

– Тугъдон æмбæлттæ, нур ба байгъосдзинан маршæл Василевскиймæ.

Инæлæрттæ нæ, фал салдæттæй дæр уæхæнттæ нæ адтæй, Василевскийи ка нæ зудта æма ин устур аргъ ка нæ кодта.

– Уæлдæр Сæйраг Командæкæнуйнади Ставкæ ци пълан иснисан кодта, æмбæлттæ, – сабур æма хумæтæг дзурдтæй дзурдта Александр Михаили-фурт, – уомæ гæсгæ мах, Идардскæсæйнаг фронттæ, гъæуама искодтайанæ æртæ тугъдон операций. Уонæй еу – Хинган-Мукдени операци, гъæуама бакодтайуонцæ Фæсбайкали фронти æма Манголи адæмон республики æфсæдтæ... Дуккаг, Харбин-Гирини, операци – 1-аг Идард Хорискæсæни фронт.

Аци дууæ операций нимад адтæнцæ сæйрагдæртæбæл.

Аци операцитæн разамунд лæвардтонцæ фронти командæгæнгутæ маршæлтæ Малиновский æма Мерецков, æфсади инæлар Пуркаев, æфсæддон-денгизон хъаурити сæйрагдæр командæгæнæг Советон Цæдеси Адмирал Кузнецов.

